

Volontè COASTSWEEP Enskripsyon/Akseptasyon

Òganizatè Netwayaj: _____

Dat Netwayaj: _____

Kote Netwaya: _____

Mwen, yon patisipan nan aktivite COASTSWEEP la, dakò pou swiv tout enstriksyon netwayaj jan òganizatè lokal yo/oswa manadjè plaj yo endike. Mwen konprann travay mwen ofri pou m fè a epi mwen deklare ke mwen kalifye e mwen kapab fizikman fè travay ak aktivite mwen ofri pou m fè a. Mwen konprann ke mwen ka kolekte divès kalite debri nan lanmè, tankou vè kase, moso metal, ak lòt materyèl ki ka blese si yo pa manyen yo byen. Tout materyèl ki gen kontni enkonni, ki lou, oswa ki biza (debri medikal, veso chimik, bidon 55 galon, fe datifis...) ap rete kote yo ye san yo pa manyen yo, yo pral note kote yo ye, epi yo pral avize pèsonèl ki fòme. COASTSWEEP se yon òganizasyon ki baze sou volontè epi li pa responsab pou nenpòt blesi ki rive pandan netwayaj la.

Mwen libere Fonkomen Massachusetts la, Biwo Jesyon Zòn Kotyè Massachusetts (CZM), ak Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon (DCR), anplwaye yo, ak ajan yo de tout responsablite, reklamasyon, pèt, domaj, depans ak/oswa blesi, kit se sou moun oswa byen, ki ka rive akòz aksyon mwen pandan m ap patisipe nan aktivite volontè COASTSWEEP. Mwen plis dakò pou m dedomaje, defann, epi libere Fonkomen Massachusetts la, CZM, DCR, ak anplwaye yo, ak ajan yo de tout responsablite pou nenpòt domaj oswa blesi ki rezilte nan aksyon mwen pandan m ap patisipe nan aktivite volontè CZM ak DCR otorize oswa sponsorize, ki parèt andeyò limit aktivite otorize yo. Mwen dakò tou pou m respekte tout règleman DCR pandan mwen sou pwopriyete DCR. Mwen rekonèt ke, lè m patisipe nan aktivite volontè sa yo, mwen pa resevwa okenn nominasyon nan sèvis leta a, epi mwen p ap resevwa okenn salè oswa pèman nan men Fonkomen a. Kidonk, mwen konprann ke mwen pa gen dwa a Konpansasyon Travayè e ke mwen pa ka fè okenn reklamasyon kont CZM oswa DCR pou nenpòt blesi, pèt, oswa domaj sou moun (kit se blesi fizik oswa lanmò) oswa byen ki rive pandan m ap patisipe nan travay volontè COASTSWEEP epi, anplis, mwen pral bay pwòp asirans sante mwen.

Mwen rekonèt ke MGL ch. 21, §17G prevwa ke, an aplikasyon dispozisyon, egzijans, ak limit MGL ch. 258 ak direktiv DCR yo, mwen p ap responsab pou blesi oswa pèt byen oswa blesi fizik oswa lanmò ki te koze pa neglijan mwen oswa erè pandan m ap aji nan limit aktivite volontè mwen. Sepandan, mwen rekonèt ke mwen p ap benefisye pwoteksyon MGL ch. 258, §9 pou aksyon entansyonèl oswa pou vyolasyon dwa sivil yon moun. Mwen rekonèt tou ke nan nenpòt pwosè, Biwo Pwòkire Jeneral la ki pral detèmine si yon moun konsidere kòm yon anplwaye ki pa peye.

FOTO - Anplis, lè m siyen, mwen bay konsantman pou foto yo pran de mwen pandan netwayaj yo ka itilize pa Fonkomen Massachusettsla, CZM, DCR, ak Ocean Conservancy nan piblikasyon, prezantasyon, sou sit entènèt, epi voye bay nenpòt medya pou ogmante piblisite pou Netwayaj Kotyè Entènasyonal la epi pou fè moun konnen pwoblèm debri nan lanmè. Anplis, ou afime ke ou posede dwa pou nenpòt foto ou soumèt epi ou dakò pou transfere dwa sa yo bay Fonkomen Massachusetts la, CZM, ak Ocean Conservancy.

Mwen te li akseptasyon an

(tcheke & Inisyal)

Non

Adrès

Kontak Ijans (Non, #)

☐☐☐☐☐☐☐☐☐☐☐☐☐☐☐☐☐

